# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

गृह मंत्री अमित शाह आजु जम्मू कश्मीर के अनंतनाग जिला क पहलगाम के बैसरन वन इलाका में काल्हि भइल आतंकी हमला वाले जगहि पर पहुंचलें। येह हमला में दुइ गो स्थानीय लोगि अउर प्रदेस के कानपुर जिला क नौजवान के सथहीं करीब छब्बीस पर्यटक मारल गइलें ओहीं कई पर्यटक घाही हो गइलें।

गृह मंत्री अनंतनाग मेडिकल कॉलेज अस्पताल पहुंचि के घाही लोगिन के स्वास्थ्य के बारे में जनकारियो लिहलें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदियो येह दुरघटना के बादे आपन सऊदी अरब जतरा रोकि दिहलें अउर आजु नई दिल्ली पहुंचि के मौजूदा हालति के ले के बइठकी कइलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आतंकी हमला में मारल गइल कानपुर क नौजवान शुभम द्विवेदी क पिता संजय द्विवेदी से फोन पर बाति कइलें। ई जनकारी देत एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये मुख्यमंत्री कहलें कि सम्बन्धित अधिकारियन के पारथिव सरीरि के ससम्मान कानपुर पहुंचवले क निरदेस दीहल गइल हौ। दुख के येह घड़ी में प्रदेस सरकार पुरहर प्रतिबद्धता से परिवार के साथे खड़ी हौ। प्रदेस विधानसभा अध्यक्ष सतीश महानो आतंकी हमला में मारल गइल कानपुर क नौजवान शुभम द्विवेदी के पुस्तैनी आवास पर पहुंचि के उनके परिवार से मुलाकाति कइलें।

**********

पहलगाम में भइल आतंकी हमला के बाद से प्रदेसो में हाई अलर्ट हौ। राज्य के धारमिक स्थलन अउर पर्यटन स्थलन पर अतिरिक्त सतर्कता बरतले क निरदेस दीहल गइल बा। आतंकी घटना के बाद से पूरा देस आक्रोंसित हौ। प्रदेस भर में कई गो संगठनन के ओरि से परदरसन कइ के कठोर कार्रवाई कइले क मांगि कइल जा रहल हौ।

येही क्रम में आजु बनारस में विशाल भारत संस्थान अउर मुस्लिम महिला फाउंडेसन के संयुक्त तत्वावधान में आतंकवादियन के खिलाफ मुखालफत मार्च निकारि के आतंकियन क सव दाह कार्यक्रम कइल गइल। येह मौका पर युवा परिषद क प्रदेस प्रमुख विवेकानंद सिंह कहलें कि अब विस्व के नक्सा से आतंकियन के खतम कइले क समय आ गइल बा। आतंकियन के समर्थकन के दंडित कइले क जरूरति हौ। केन्द्रीय मंत्री पंकज चौधरी येह घटना के कायरतापूर्ण अउर ढेरे निंदनीय करार देत कहलें कि सरकार येह मामिला के ले के बहुते गम्भीर हौ अउर दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाई। ई देस के एकता अउर सान्ति के चुनौती दिहले क कासिस हौ। आजमगढ़, जौनपुर, मथुरा, लखनऊ, फर्रूखाबाद, इटावा, शाहजहांपुर, पीलीभीत, हापुड़, कानपुर अउर अमरोहो में आजु परदरसन अउर ज्ञापन के जरिया से आतंकियन पर कठोर कार्रवाई क मांगि कइल गइल।

**********

पहलगाम आतंकी हमला के देखत प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी क बिहने प्रस्तावित कानपुर दौरा निरस्त हो गइल हौ। ई जनकारी विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना मीडिया से बातचीत में दिहलें।

**कल की हुई दुर्भाग्यपूर्ण घटना पर इस देश के माननीय प्रधानमंत्री जी जो का कल कानपुर का दौरा था, उन्होंने निरस्त कर दिया है। प्रधानमंत्री कार्यालय के द्वारा सूचना दी गई है कि ऐसे अवसर पर जिसमें पूरा देश दुखी है ऐसे अवसर पर कानपुर महानगर में आकर के किसी भी प्रकार के विकास की या अन्य संबंधी गुणकान करना सर्वथा अनुचित है।**

**********

अमेरिका क उप राष्ट्रपति जेडी वेंस आजु कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे अपने परिवार के साथे आगरा पहुंचि के ताजमहल देखलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एयरफोर्स स्टेसन पर पहुंचि के उनकर स्वागत कइलें। दुन्नो नेता के बिच्चे सौहार्दपूर्ण बातोचीत भइल। जेडी वेंस मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क धन्यवाद कइलें अउर सोझै ताजमहल बदे रवाना हो गइलें।

**********

प्रदेस सरकार जल्दिये इलेक्ट्रिक बसन से धारमिक सहरन क जतरा कराई। प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

**धर्मनगरी काशी, तीर्थराज प्रयागराज, रामलला की जन्मस्थली अयोध्या और सोनभद्र का सफर इलेक्ट्रिक एसी बसों से होगा। इसे देखते हुए सरकार वाराणसी और सोनभद्र में चार्जिंग स्टेशन बनवा रही है। सरकार की इस पहल से सुगम यात्रा के साथ ही पर्यावरण को भी प्रदूषण से बचाया जा सकेगा। उत्तर प्रदेश राज्य सड़क परिवहन निगम के क्षेत्रीय प्रबंधक परशुराम पांडेय ने बताया है कि प्रयागराज रीजन और अयोध्या रीजन से वाराणसी और सोनभद्र के लिए इलेक्ट्रिक बसों का संचालन प्रस्तावित है। इसके लिए पांच चार्जिंग स्टेशन बनाये जा रहे है। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।**

**********

प्रदेस के पूरबी जिलन में छब्बीस अपरैल ले मौसम सुस्क रहले अउर ओकरे बाद ओन्तीस अपरैल ले कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क सम्भावना हौ। ई जनकारी मौसम विज्ञान विभाग के ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन में दीहल गइल बा। विभाग छब्बीस अपरैल ले हीट वेव अउर लुहो चलले क चेतावनी जारी कइले हौ। सथहीं सत्ताइस अपरैल के तेज झोंकेदार बेयारि चलले अउर बिजुली गिरले क अनेसा जतवले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला तीनि दिन के दौरान अधिकतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क सम्भावना हौ, हलांकि एकरे बाद अधिकतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस क गिरावटो दरज कइल जाई।

**********